



AVI ENSPEKSYON

Chè Rezidan:

Depatman Ponpye ak Sekou Miami-Dade fèk fin fè yon enspeksyon tout zòn ankomen ki pou tout moun ki nan bilding sa a. Nan enspeksyon sa a, yo verifye fonksyonalite tout aspè pwoteksyon kont dife ak sekirite lavi ki liste anba la yo pou asire yo fonksyone kòmsadwa:

- Sistèm sòti ann ijans yo; pòt de sòti, koulwa, eskalye, elatriye.
- Pano sòti ak sistèm linyè ijans, jan sa aplikab
- Ekstenktè dife yo anplas epi yon fè bonjan antretyen sou yo
- Sistèm alam dife, si genyen, enstale epi yo fonksyone kòrèkteman
- Sistèm pou touye dife a otomatikman, si genyen, enstale epi yo fonksyone kòrèkteman
- Vidanj pou dechè ak rad sal pou lesiv, si genyen, enstale epi yo fonksyone kòrèkteman
- Lòt sistèm sekirite, si genyen, fonksyone kòrèkteman

Poutèt se sèl zòn ki pou tout moun yo pral enspekte, epi pou amelyore epi garanti sekirite w, nou ofri enfòmasyon sekirite sila yo:

- Alam deteksyon lafimen ki fonksyone grasa sistèm elektrik bilding lan oblije enstale nan chak chanm ansanm ak deyò tout chanm yo; se pou se yon elektrisyen ki gen lisans li ki pou enstale alam deteksyon lafimen yo.
- Alam deteksyon lafimen ki mache ak pil akseptab tou pou chanm yo
- Teste alam deteksyon lafimen ou yo chak mwa konfòmman ak enstriksyon fabrikan an; plase yon rapèl akote filt lè kondisyone ou an
- Ranplase pil alam deteksyon lafimen yo chak lane
- Fenèt chanm lan se dezyèm fason ou genyen pou chape, pa plase anyen devan yo.
- Tcheke si tout fenèt ki nan chanm yo ouvri fasil depi andedan chanm yo; ba fè anti-efraksyon, si yo nestale, fèt pou louvri depi andedan chanm lan
- Se pou kadna pòt yo anpeche vole yo antre, men se pa pou yo fèmen fanmi w andedan; asire w tout kadna pòt yo kapab ouvri depi anndan san ou pa bezwen kle
- Tcheke kab ekstansyon yo si yo ize, ranplase yo, si sa nesèsè
- Pa janm kite fil elektrik pase anba pòt, nan fenèt, travèse mi oubyen plafon an; pa kite fil ekstansyon elektrik pase anba tapi, ni pa palse anyen sou fil elektrik yo

W ap jwenn plis enfòmasyon konsènan sekirite nan paj wèb nou an www.miamidade.gov/fire/.

